



# English Learner Education (ELE) (Ansèyman pou Moun K ap Aprann Anglè): Kèk etap ou kapab suiv

Si timoun ou an kalifye pou English Learner Education (ELE) (Ansèyman pou Moun K ap Aprann Anglè) Lwa ak règleman nan Massachusetts pwoteje dwa w pou fè chwa ki diferan. Travay ansanm ak lekòl la pou pouse elèv la fè siksè!

## Men sa nou kapab fè!


Ou kapab soumèt yon demann pou enskri timoun ou an nan pwogram English Learner Education (ELE) (Ansèyman pou Moun K ap Aprann Anglè) pou sa distri a ofri.



Ou kapab patisipe nan konferans oswa reyinyon ki disponib yo pou aprann plis sou pwogram English Learner Education (ELE) (Ansèyman pou Moun K ap Aprann Anglè) distri a ofri.



Epitou, ou kapab vizite pwogram yo rekòmande a pou wè si li adapte pou timoun ou an. Ou kapab fè demann yon pwogram English Learner Education (ELE) (Ansèyman pou Moun K ap Aprann Anglè) ki diferan tou.



Ou kapab chwazi pa enskri timoun ou an nan English Learner Education (ELE) (Ansèyman pou Moun K ap Aprann Anglè). Epitou, ou kapab retire timoun ou an nan yon pwogram apre l fin kòmanse l.



Jwenn plis enfòmasyon sou English Learner Parent Advisory Council (ELPAC) (Konsèy Defans pou Paran Aprenan Lang Anglè a), yon gwoup fanmi ki reyini ansanm pou pale sou English Learner Education (ELE) (Ansèyman pou Moun K ap Aprann Anglè).